



k12.wa.us

Demann Plent Kominote Edikasyon Espesyal la (SECC)

(Itilize yon fòmilè ki diferan pou depoze yon demann [Pwosedè Ofisyèl](#))

Fòmilè sa a fakiltatif. Biwo nou an ap itilize enfòmasyon ou bay la pou l ka trete plent ou an. Pou plis enfòmasyon konsènan pwosedè Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) a avèk dwa elèv/fanmi, konsilte, [Sit entènèt](#), [Rezolisyon Pwoblèm ki gen pou wè avèk Edikasyon Espesyal OSPI a](#).

<p>Voye l bay: Dr. Tania May Assistant Superintendent OSPI, Special Education PO Box 47200 Olympia, WA 98504-7200 Faks: 360-586-0247 speced@k12.wa.us</p> <p>Dat yo voye l: _____</p>	<p>Yo voye l tou bay: Direktè edikasyon espesyal ajans piblik la oswa distri lekòl la; ak/oswa, sipèntandan distri a. Nou kapab jwenn kowòdone distri a nan Repètwa Edikasyon Espesyal la.</p> <p>Ou kapab voye yon kopi plent sa a pa imèl, faks oswa sou papyè. Anba a, tanpri mete non ajans piblik/distri lekòl la ak kijan yo te bay yon kopi.</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>Dat ou te voye l: _____</p>
--	--

Enstriksyon sou Plent Kominote Edikasyon Espesyal la

Si ou bezwen èd pou ou ranpli fòmilè sa a, oswa pou w fè demann yon modèl ki pi aksesib pou ou, tanpri kontakte Office of Superintendent of Public Instruction, Divizyon Edikasyon Espesyal la, nan 360-725-6075 oswa speced@k12.wa.us.

Ou dwe voye yon kopi plent ou bay OSPI ak lekòl/distri/ajans piblik la an menm tan. Ou kapab jwenn kowòdone lekòl/ajans la nan [Repètwa Edikasyon Espesyal la](#).

Plent ou an dwe genyen siyati w. Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) ak regilasyon edikasyon espesyal Washington nan reklame yon siyati.

Plent ou a dwe genyen non w ak detay pou kontakte w. Non ak detay kontak paran an oswa moun k ap plenyen an obligatwa. Yo mande non elèv la ak detay kontak tou si plent lan konsène yon akizasyon sou yon elèv yo nonmen.

Seksyon I: Enfòmasyon sou Elèv (Aplikab pou plent ki gen rapò ak yon elèv espesifik (yo))

OSPI ap chèche favorize enklizyon ak pratik ki ap redui mank opòtinite yo. Si ou bay enfòmasyon sou andikap, ras, ak sèks pitit ou a volontèman, enfòmasyon konfidansyèl sa yo la sèlman pou idantifye tandans jeneral nan eta nou an ak pou amelyore metòd oryantasyon ak rezolisyon pwoblèm OSPI yo. *Si plent lan konsène plis pase yon elèv, tanpri itilize yon paj siplemantè.*

Non Elèv la

Kondisyon Andikap Elèv la
(Opsyonèl)

Elèv la Klas, Ras/Orijin Etnik, Sèks
(Opsyonèl)

Ajans Piblik la (Obligatwa)

Non Lekòl la (Opsyonèl)



Seksyon II: Enfòmasyon pou plent

Non

Lang Matènèl (Opsyonèl)

Adrès

Mòd kominikasyon ou prefere (Opsyonèl)

Vil/Èta/Kòd postal

Ras/Orijin Etnik, Sèks (Opsyonèl)

Enfòmasyon kontak: Telefòn oswa Imèl

**Relasyon ak elèv (paran/gadyen/lòt)
(Opsyonèl)**

X Siyati w

Dat

Seksyon III: Alegasyon – Kisa ou kwè ajans/distri/lekòl la te fè sa ki mal?

A. Temwanyaj ou sou vyolasyon ou repwoche a (yo):

Ou pa bezwen konnen lwa espesifik yo te vyole, men tanpri dekri aklè sa ou kwè ajans/distri/lekòl la te fè sa ki mal, tankou: "Pwofesè yo p ap suiv IEP pitit mwen an." Tanpri ajoute lòt paj si ou bezwen plis espas pou ou ekri. OSPI kapab mennen ankèt sèlman sou akizasyon edikasyon espesyal ki te pase yon lane avan dat yo te resevwa plent ou an. Pa egzanp, si nou resevwa plent lan 1ye oktòb 2021, nou kapab mennen yon ankèt nan yon peryòd ki kòmanse apati 2 oktòb 2020.

Mwen kwè ke lekòl la vyole lwa edikasyon espesyal nan:

B. Prèw sou akizasyon ou yo:

Tanpri mete dat espesifik, lè, ak nenpòt lòt detay enpòtan sou sa ki te pase.

C. Ki dokiman ki apiye akizasyon ou yo? (Opsyonèl)

Lèt lekòl la te voye, egzamen ak IEP elèv la, remake, ak lòt dokiman ki kapab ede montre sa ki te pase epi kisa ou panse lekòl la te fè ki mal. Pandan ke yo ankouraje w pou atache dokiman sa yo, li pa obligatwa.

D. Kisa ou vle ki pou chanje?

Tanpri eksplike ki aksyon oswa rekou ou ta renmen wè si OSPI detèmine ke lekòl la vyole dwa yon elèv.

Enfòmasyon sou plent kominote edikasyon espesyal la

Èske sa gen lyen ak yon bagay ki pa sèvis edikasyon espesyal?

Si plent ou an genyen rapò ak diskriminasyon oswa dwa yon elèv anba Seksyon 504 lwa reyabilitasyon an, tanpri kontakte biwo dwa sivil la nan 1-800-421-3481, oswa biwo egalite ak dwa sivil OSPI a nan 360-725-6162. Yo dwe adrese kesyon ki konsène etik pwofesyonèl yo bay biwo pratik pwofesyonèl yo (Office of Professional Practices, OPP) nan 360-725-6130.

Enfòmasyon ki pataje pandan ankèt sou plent lan

Regilasyon edikasyon espesyal Washington nan rekòmande OSPI pou li pataje nenpòt dokiman distri a bay ak paran/moun ki depoze plent lan epi pou yo pataje nenpòt enfòmasyon paran an/moun ki depoze plent lan pataje avèk distri a kòm yon pati nan ankèt lan. Si moun ki fè demann lan pa yon paran/titè elèv ki nan plent lan, OSPI mande pou yo bay yon otorizasyon pou piblikasyon enfòmasyon, paran an dwe siyen, avan pou yo pibliye nenpòt enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye elèv la pèsònèlman. Pou plis enfòmasyon sou pwosedi plent lan, konsilte: [Apèsi sou pwosesis plent lan](#).

Enfòmasyon Demografik

OSPI ap chèche favorize enklizyon ak pratik ki ap redui mank opòtinite yo. Si ou bay enfòmasyon sou andikap pitit ou a, sou ras ak orijin etnik manm fanmi ou, ak idantite seksyèl elèv ou a volontèman, n ap kenbe enfòmasyon konfidansyèl ou yo prive epi itilize yo sèlman pou nou idantifye tandans yo nan eta nou an. Nou itilize enfòmasyon sa yo yon manyè global, san nou pa lye li ak yon elèv oswa yon fanmi an patikilye, pou kontinye amelyore direktiv nou yo pou lekòl Washington yo epi pou amelyore pwosesis nou an ki ap sipòte dwa elèv yo ak fanmi yo.

Byennantand, OSPI p ap pataje enfòmasyon (e.g., imèl ak dokiman edikasyon espesyal yo) li resewva nan kad pwosedi ankèt Plent Kominote Edikasyon Espesyal la (Special Education Community Complaint, SECC) la avèk lòt moun, antite, oswa ajans federal oubyen leta.

Manm piblik yo kapab fè demann pou aksede ak enfòmasyon jan lwa eta Washington nan sou achiv piblik (Public Records Act) yo pèmèt sa, men nan ka on demann konsa ta fèt, genyen plizyè "eksepsyon" ki egziste. Pou nou di sa yon lòt jan, gen plizyè tip enfòmasyon manm piblik la **p ap** gen aksè ak yo. Sa ki pi enpòtan an, OSPI **p ap** founi enfòmasyon ki anba yo kòm repons suit a yon demann achiv piblik:

- Enfòmasyon, kit li poukont li kit li konbine, ki gen lyen oswa kapab lye ak yon elèv espesifik ki ap pèmèt yon moun ki rezonab nan kominote eskolè a, ki pa genyen konesans pèsònèl sou sikonstans aktyèl yo, kapab idantifye elèv la ak yon sètitud rezonab. Pa egzanp, enfòmasyon sou andikap pitit ou a oswa ras li ak orijin etnik li.
- Enfòmasyon pèsònèl konsènan manm fanmi oswa titè yon elèv si enfòmasyon an kapab lakoz piblikasyon enfòmasyon pèsònèl elèv la.
- Kowòdone fanmi oswa titè pou lè gen ijans.

Pou plis enfòmasyon sou demann achiv piblik, tanpri konsilte dokiman sa yo:

- [OSPI Public Records Request \(Demann Achiv Piblik OSPI yo\)](#)
- [OSPI Public Records Exemption Codes \(Kòd Eksepsyon Dosye Piblik OSPI yo\)](#)
- [WA Biwo pwokirè jeneral la \(WA Office of the Attorney General\): Obtaining Records](#)